


NeMutungamiri
Thomas S. Monson



Kuva Pachokwadi kuChitendero cheMadzitateguru Edu

John Linford aive nemakore makumi mana nematatu apo iye nemudzimai wake, Maria, nevatatu vevanacomana vavo pavakaita sarudzo yekusiya musha wavo muGravelly, England, kunofamba rwendo rwezviuru zvemakiromita kunobatana neVatendi munhika yeGreat Salt Lake. Vakasiya shure mwanacomana wavo wechina, uyo akanga achishanda muhushumiri, vakatengesa zvinhu zvavo, uye vakapinda parwendo muLiverpool nengarava yainzi *Thornton*.

Rwendo urwu nemugungwa kusvika kuNew York City, uye kubva ikoko nemugwagwa kuenda kuIowa, rwakava nyore. Matambudziko akatanga, zvisinei, chinguva chipfupi mushure mekunge mhuri yavanaLinford nevamwe Vatendi vaMazuva Ekupedzisira avo vakanga vafamba vari pa*Thornton* pavakabva muIowa City musi waChikunguru 15, 1856, sechikamu chechikwata chakava nerombo rakai-pa chaJames G. Willie chengoro dzekudhonzana nemaoko.

Mamiriro ekunze akaipa nerwendo rwakaoma zvakakonzera hurwere nerufu kuvazhinji muchikwata ichi, kusanganisira John. Akapedzisira arwara uye nekurukutika zvikuru zvekuti akapedzisira ava kudhonzwa mungoro yemaoko. Panguva yakazosvika chikwata ichi kuWyoming, mamiriro ehutano hwake akanga adzikira zvakanyanyisa. Chikwata chekuvanunura chaibva kuSalt Lake City chakasvika musi waGumiguru 21, maawa mashomanani mushure mekunge John afa. Akanga afa mambakuedza mangwanani iwayo padyo nemahombekombe eRwizi rweSweetwater.

John aiva neurombo here kuti akanga achinjanisa rudekaro nerunyararo kuti awane zvinetso, kushaiwa zvokudya

nokushandisa, nematambudziko ekuendesana mhuri yake kuZion?

“Kwete, Maria,” akataurira mudzimai wake chinguva chipfupi asati afa. “Ndinofara kuti takauya. Handisi kuzorarama kuti ndisvike kuSalt Lake, asi iwe nevakomana muchasvika, uye handikungure zvose zvatakasangana nazvo kana vakomana vedu vakakwanisa kukura uye vakakudza mhuri dzavo muZioni.”¹

Maria nevanacomana vake vakapedza rwendo rwavo. Apo Maria paakazofa mushure memakore angada kusvika makumi matatu, iye naJohn vakasiya shure nhorooondo yerutendo, yekushandira, yekuvimbika, uye neyekuzvipira.

Kuva Mutendi waMazuva Ekupedzisira zvinoreva kuva muparuri, nekuti tsanangudzo yemuparuri inoti “munhu anoenda mberi kunogadzirira kana kunovhura nzira kuitira kuti vamwe vagotevera.”² Uye kuva muparuri zvinoreva kuva unoziva nezvekuzvipira. Kunyange zvazvo nhengo dzeChechi dzisisakumbirwe kusiya misha yavo kuti vaite rwendo rwekuenda kuZion, kazhinji vanowananzofanira kusiya shure maitiro ekare, tsika dzaitvedzwa kwenguva refu, uye shamwari dzinodikanwa. Vamwe vanoita sarudzo inorwadza zvikuru yekusiya kumashure nhengo dzemhuri idzo dzinopikisa hunhengo hwavo hwemuChechi. Vate-ndi vaMazuva ekupedzisira vanoenderera mberi, zvisinei, vachinamata kuti vanhu vavanodisira vanozonzwisira nekuzvitambira.

Nzira yemuparuri hayisi nyore, asi tinotevera nemutso-ka dzeMuparuri akanakisisa—kunyange Muponesi—uyo akatungamira mberi, achitiratidza nzira yekutevera.

“Uya, unditevere,”³ Akakoka.

“Ndini nzira, nezvokwadi, noupenyu,”⁴ Akadaro.

“Uya kwandiri,”⁵ Akadaidza.

Nzira yacho inokwanisa kuoma. Vamwe vanowana zva-kaoma kutsunga pamashoko ekunyomba uye asina kuna-ka evanhu mapenzi avo vanoseka kuzvibata, kuvimbika, nokuteerera kumirairo yaMwari. Nyika yakagara ichitari-sira pasi kuteerera kumusimboti. Apo Nowa paakarairwa kuti avake ngarava, vanhu veruzhinji mapenzi vakatarisa kudenga rakanga risina makore uye vakanyomba nokuse-ka—kusvikira mvura yauya.

Panyika yeAmerica mazana mazhinji emakore akapfuura, vanhu vaisatenda, vachipikisa, uye vasinga-teerere kusvikira moto waparadza Zarahemura, nyika ikafukidza Moronaiha, uye mvura ikanyudza Moronai. Kuseka, kunyomba, mutauro usina hunhu, nechivi zva-kanga zvisisipo. Zvakanga zvachinjaniswa nerunyararo runerusuwo, nerima guru. Mwoyo murefu waMwari wakanga wapera, Nguva yekuitika kwezvinhu Yavo yazadzikiswa.

Maria Linford haana kana kumborasikirwa nerutendo rwake kunyange nekutambudzwa muEngland, matambu-dziko erwendo rwake kuenda “kunzvimbo iyo yakanga yagadzirirwa naMwari,”⁶ uye nezviyedzo zvakatevera zva-a-kashingirira pazviri kuitira mhuri yake neChechi.

Pamunamato wa1937 wepaguva uyo wakaitwa waka-misirwa kurangarira Maria, Gosa George Albert Smith (1870–1951) vakabvunza zvizvarwa zvake kuti: “Muchara-rama muchokwadi kuchitendero chemadzitateguru enyu here? . . . Ndapota edzai kuva munokodzera kuzvipira kwose kwavakakuitirai.”⁷

Apo patinotsvaga kuvaka Zioni mumwoyo medu, mudzimba dzedu, munzvimbo dzedu dzatinogara, nemu-nyika dzedu, ndinovimba kuti tinozoyeuka ushingi husi-ngazunguzike nerutendo rusingaperi rweavo vakapa zvose zvavaivanazvo kuitira kuti tigozonakirwa nemaropafadzo evhangeri rakadzorerwa, netariro nevimbiso yaro kuburi-kidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Andrew D. Olsen, *The Price We Paid* (2006), 45–46, 136–37.
2. *The Compact Edition of the Oxford English Dictionary* (1971), “pioneer.”
3. Ruka 18:22.
4. Johane 14:6
5. Johane 7:37; onawo 3 Nifai 9:22.
6. “Come, Come, Ye Saints,” *Hymns*, no. 30.
7. Ona Olsen, *The Price We Paid*, 203–4.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kukumbira avo vaunodzidzisa kuti vafunge vanhu muopenyu hwavo avo vakafa uye vakanga vari vaparuri kwavari. Zvino wovabvunza nezve apo pava-kava vaparuri uye vakagadzirira vamwe nzira. Vakoke kufungisisa nguva dzavakazvipira uye kuti sei zvakanga zviine chimuko. Unokwanisa zvino kuvakurudzira kuti vanyore pasi uchapupu hwavo “hweMuparuri akanaki-sisa,” Muponesi.

VECHIDIKI

Kuva Pachokwadi kuChitendero Chavo

Mutungamiri Monson vanotaura nyaya pamusoro peimwe mhuri yevaparuri uye vanotapa Mutu-ngamiri George Albert Smith: “Munozogara mucho-kwadi kuchitendero chemadzitateguru enyu here? . . . Edzai kukodzera kuzvipira kwose kwavakakuitirai.” Kunyange uine madzitateguru vaparuri kana kuti uri nhengo yechizvarwa chekutanga yeChechi, unotsvaga here mienzaniso yerutendo kuti uwane nhungamiri nesimba. Heino nzira yakanaka yaunokwanisa kuta-ngisa nayo:

1. Nyora hudongorodzwa wevanhu vaunoyemura. Vanokwanisa kuva nhengo dzemhuri yako pachako (vakapfuura kana varipo), shamwari, vatungamiri veChechi, kana vanhu vari mumagwaro matsvene.

2. Nyora pasi hunhu hwavainahwo hwaunoda. Amai vako vane mwoyo murefu chaizvo here? Zvimwe shamwari yako inetsitsi kune vamwe. Zvimwe unoda ushingi hweMutungamiri Moronai.

3. Sarudza hunhu humwechete kubva muhudoro-ngodzwa hwako uye wozvibvunza kuti, “Ndingawane sei hunhu uhwu? Chii chandinofanira kuita kuti ndiku-dziridze uhwu muopenyu hwangu?”

4. Nyora pasi zvirongwa zvako zvekukudziridza hunhu uhwu uye woisa pamwe panhu paunozviona nguva zhinji, kukuyeuchidza nezvechinangwa chako. Namatira rubatsiro rwaBaba Vekudenga uye wongorora kufambira mberi kwako nguva nenguva. Apo pauno-nzwa kuti wakudziridza zvakakwana hunhu uhwu, uno-kwanisa kusarudza hunhu hutsva hwekushanda pahuri.

Yeuka kuti apo patinokudziridza hunhu hwakanakisisa matiri, hatikudze chete rutendo rwemadzitateguru edu nekuzvipira kwavakaita, asi tinokwanisawo kuva kurudziro yezvakanaka kune avo vakatikomberedza.

VANA

Uri Muparuriwo!

Vaparuri vanhu vanogadzira nzira yekuti vamwe vatevere.

Tara mufananidzo kana kutsvaga mufananidzo weumwe wemadzitateguru ako. Unokwanisa kuwana here

nyaya yemagadziriro avakaita nzira yekuti utevere? Nyora nzira mbiri dzaunokwanisa kuva muparuri nhasi. Unokwanisa kugovera mazano ako panguva yemanheru emhuri inotevera.

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/16. Mvumo yedudziro 6/16. Dudziro ye *First Presidency Message, July 2016*. Shona. 12867 731



Rutendo , Mhuri,
Rubatsiro

Kwaniso Yedu yeHubereki

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa “Mhuri: Chiziviso kuNyika” kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekupafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

“Zvakanga zvakafanira kuti vana vemweya vaMwari vave neku-berekwa panyama uye nemukana wekufambira mberi vakananga kuupenyu hwekusingaperi,” vakadzidzisa Gosa Dallin H. Oaks veChikwata cheVaapostora Gumi neVaviri. “Nokuda kwechikonzero chinokosha zvikuru chechirongwa chikuru cherufaro, ndinotenda kuti hupfumi hunokoshesa panyika nekudenga ndehwe vana vedu nezvizvarwa zvedu.”¹

Gosa Neil L. Anderson veChikwata cheVaapostora vaneGumi neVaviri vakati:

“Tinotenda mumhuri, uye tinotenda muvana.” . . .

“ . . . Mwari vakati kuna [Adama naEva], Berekai, muwande, muzadze nyika’ [Genesi 1:28] . . .

“Murairo uyu hauna kukanganwika kana kushairwa hanya nawo muChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira.”²

Kunyange zvazvo tisiri tose tinova vabereki muupenyu huno, tinokwanisa kurera vana vezera rese rese. Tinonakirwa nemaropafadzo

ekuva chikamu chemhuri yaBaba Vekudenga, uye tinosangana nemifaro nezviedzo zvekuva chikamu chemhuri yepanyika. Uye kuvazhinji, hubereki hwakavamirira mukusingaperi kurimbera.

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mapisarema 127:3; Mateo 18:3–5; 1 Nifai 7:1; Mosesi 5:2–3

Nyaya dzeVanhu Vanorarama Nhasi

“Mazwi mazhinji munyika nhasi anoderedza kukosha kwekuva nevana kana kupa zano rekunonoka kana kushomekesa huwandu hwevana mumhuri,” vakadaro Gosa Andersen. “Vanasikana vangu nguva pfupi yakapfuura iyo vakandiratidza web site yakanyorwa naamai vechi-Kristu (vasiri nhengo yechechi yedu) vane vana vashanu. Vakataura kuti: ‘[Kukura] mutsika yehupenyu ino, zvakaoma zvikuru kuwana maonero ebhaibheri pamusoro pehumai. . . . Vana vari panzvimbo yepasi pasi pekukosha kunoiswa pakuenda

kuyunivhesiti. Kuva nevana zvechokwadi kuri pasi pekufamba uchiona nyika dzepasi. Kuri pasi pekuenda kumafaro mhanheru paunozvidira. Kuri pasi pekugadziridza muviri wako kujimu. Kuri pasi pebasa ripi zvaro raungange uinaro kana raunotaririra kuwana.’ Anozowedzera kuti: ‘Humai hausi chinhu chaunaita panguva yekuzvifadza, idaidzo. Hawuunganidze vana nokuti unovaona vakanaka kupfuura zvitambi. Hachisi chimwe chinhu chekuita kana uchikwanisa kumanikidzira nguva. Kuva nevana ndiko kwawakapiirwa nguva naMwari.’”³

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Dallin H. Oaks, “The Great Plan of Happiness,” *Ensign*, Mbudzi 1993, 72, 75.
2. Neil L. Andersen, “Children,” *Liahona*, Mbudzi 2011, 28.
3. Neil L. Andersen, “Children,” 28.

Funga Izvi

Mhuri yedu yepasi yakafanana nenzira dzakadii nemhuri yedu yekudenga?